



## Elèv ki fèk antre nan aprann anglè

### Defi e Opòtinite

Gen yon etid ouvèt ki te fèt sou elèv ki abandone lekòl Boston yo. Etid sa a montre ke elèv ki fèk antre nan lekòl segondè BPS yo e ki ap aprann anglè (English Language Learners - ELL) gen piplis risk pou yo abandone lekòl san yo pa diplome.

Inisyativ "Graduation for All" Sipèntandan Carol R. Johnson lan gen ladan l strateji ki vize prevansyon ak rekouvremant pou elèv an danje sa yo, e se la tou Newcomers Academy ap ede asire siksè akademik pou nouvo imigran sa yo.

## Elèv k ap Aprann Anglè nan Lekòl Piblik Boston yo

Pou plis pase 24,000 elèv BPS (anviwon 43% total lan), se pa Anglè an ki se lang matènèl yo.


Pami elèv sa yo:

- Anviwon 10,000 gen konesans nan Anglè an (English-language proficient)
- Anviwon 11,000 limite nan Anglè (Limited English Proficient - LEP) ou Elèv k ap Aprann Anglè (ELL)
- Anviwon 3,000 te limite nan Anglè (Former Limited English Proficient - FLEP)
- Tout elèv sa k ap aprann Anglè yo elijib pou yo jwenn sipò nan lang anglè an ak divès pwofesè trè kalifye nan ansèyman Anglè kòm 2èm lang an (ESL). Elèv BPS yo sòti nan plis pase 40 peyi ki gaye sou glòb lan.

[www.bostonpublicschools.org/ELL](http://www.bostonpublicschools.org/ELL)

## Newcomers Academy

100 Maxwell Street  
Dorchester, MA 02124  
Telefòn 617-635-7993  
fax 617-635-7990  
newcomers@boston.k12.ma.us  
Nydia O. Méndez, Direktris



### LAVIL BOSTON

Thomas M. Menino, Mayor (Majistra)

### KOMITE LEKÒL BOSTON

Rev. Gregory G. Groover, Sr., Prezidan  
Marchelle Raynor, Vis-Prezidan  
Helen Dájer ▪ Alfreda J. Harris  
Claudio Martinez ▪ Michael O'Neill  
Elizabeth G. Reilinger

### LEKÒL PIBLIK BOSTON

Carol R. Johnson  
Sipèntandan  
[www.bostonpublicschools.org](http://www.bostonpublicschools.org)  
617-635-9000

### POLITIK SAN DISKRIMINASYON

Lekòl Piblik Boston pa gen diskriminasyon nan pwogram, aktivite, fasilite, anplwa, oubyen opòtinite edikatif li yo sou baz ras, koulè po, l aj, andikap, sèks, relijyon, oriji n nasyonal, oubyen oryantasyon seksyèl. BPS p ap tolere okenn fòm diskriminasyon, entimidasyon, menas, presyon, epi/oubyen arasman ki kapab vekse (ensilte) diyite lòt moun kote ki ka gen entèferans ak libète tout moun genyen pou yo aprann ak travay.

# Newcomers Academy



Yon Pwogram Preparatwa  
Lekòl Piblik Boston Genyen  
pou Elèv k ap Aprann Anglè



## Elèv

Newcomers Academy pral sèvi jiska 250 moun k ap viv nan Boston e ki:

- Gen l aj antr 14 e 18 t an;
- Ki te rive nan nan peyi Etazini (U.S.) pandan l ane eskolè an;
- Pa gen anpil konesans nan lang Anglè an;
- Pa twò p abil nan pwòp lang manman yo (ak 3 ou plis l ane ap trennen dèyè); epi/oubyen ki
- Te gen pwoblèm pou yo te aprann nòmalmman nan peyi kote yo sòti an.

## Bi / Objektif

- Delivre bonjan edikasyon (edikasyon de h ot kalite)
- Akselere lakay yo aktivite kote y ap kapte lang Anglè an
- Devlòpe kontni vokabilè akademik nan djyakout yo, yon fason pou yo ka panse pi kòrèkteman
- Fè avanse devlopman abiltè akademik ak sosyal elèv yo bezwen lè yo antre nan lekòl segondè distrik lan
- Konstwi yon fondasyon pou siksè akademik ak sosyo-kiltirèl pou rès lavi elèv yo
- Sèvi kòm baz d ansèyman pou meye pratik nan ansèyman pou moun k ap aprann anglè pou lekòl segondè, men ki te gen pwoblèm oubyen entèripsyon nan lekòl regilye yo.



## Anwòlman

Tout elèv ki fè k rive nan Lekòl Piblik Boston dwe vizite yon sant Family Resource Center avèk tout dokiman apwopriye pou yo kòmanse aktivite enskripsyon ou rejistrasyon. Nou itilize yon ankèt sou langaj matènèl ak tè Newcomer Assessment and Counseling Center an bay pou n idantifye elèv k ap aprann Anglè yo (English Language Learners). N ap voye enfòmasyon sou pwogram lan pou tout elèv ki satisfè kondisyon pou Newcomers Academy an yo. Tout elèv yo pral ranpli tou yon fòmilè pou yo chwazi yon lekòl segondè ki pou bay yo yon diplòm.

[www.bostonpublicschools.org/register](http://www.bostonpublicschools.org/register)

Elèv yo frekante Newcomers Academy pandan yon semès oubyen pandan de (2) z an, selon nesite akademik yo, anvan y al anwole nan yon lekòl segondè ki pou bay yo yon diplòm segondè. Edikatè Newcomers Academy yo ap kontinye obsève pwogrè elèv yo aprè yo konplete e lese pwogram lan.

## Pèsonèl

Nou gen anpil pwofesè, administratè, epi konseye multilingual e multikiltirèl eksperimente ki la pou bay sipò pou elèv yo ak sipò pou fanmi elèv yo tou. Nou gen sipò mentò ak estajyè (entèn) tou ki sòti nan divès inivèsite nan zòn lan. Yon pwofesè pap genyen plis pase kenz (15) elèv pou l travay nan klas li.

## Asosye

- University of Massachusetts Boston
- Boston University
- Biwo Majistra a Pou Nouvo Veni yo
- Ajans sèvis sosyal lokal yo



## Konesans & Evalyasyon (Academics & Assessment)

Tout elèv yo ap angaje yo nan aktivite ansèyman serye, ki genyen:

- Anpil Anglè kòm 2èm lang (English as a Second Language – ESL) ak devlopman nan aprann li (lekti); epi
- Plis (Sheltered) enstwiksyon nan Anglè, Math, Syans, Teknoloji, Etid Sosyal, 'Arts' ak Edikasyon Fizik.

Elèv yo patisipe nan pwomnad ak sèvis kominotè ki pou sipòte adaptasyon yo nan lavi nan Boston lan. Nou bay enstwiksyon pandan jou ki gen lekòl yo, epi gen sipò adisyonèl tou nan Sàmdi ak nan sezon l ete.

Gen anpil varyete teknik ki pèmèt mezire pwogrè elèv yo, e pami mezi sa yo, nou jwenn:

- Tès MCAS tankou MELA-O ak MEPA pou ekzamine abiltè elèv nan lekti, redaksyon, pale, epi tande;
- Kaye matematik (math notebooks);
- Devwa nan lekti ak nan ekri (redaksyon);
- Patisipasyon nan sèvis kominotè; epi
- Katab sòti yo (exit portfolio).

## Adrès

N ap jwenn Newcomers Academy nan ansyen lokal Thompson Middle School, 100 Maxwell Street, Dorchester. Kòmanse nan mwa Septanm 2009, pwogram lan pral pataje lokal ansanm avèk Boston International High School, yon lekòl k ap delivre diplòm pou elèv ki fèk rive nan peyi an. Tout pwogram yo pral dewoule nan kolaborasyon youn ak lòt pou yo ofri sèvis pou divès elèv ak tout fanmi yo; y ap ofri tou aktivite ki pa nan kourikoulòm lan, tankou atletism, klib, epi aktivite sosyal.